Каб.-10-6.

84б.

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

## 10 КЛАСС

**1.** *Махуэр уейщи, жьы зэпихум хуарзэу уэсыр кърехьэкI.* Мы сатырым хэтщ
   а) макъзешэу 14; (б) макъзешэу 15; в) макъзешэу 16; г) макъзешэу 17. 3б.

**2.** Макъ дэкIуашэ зэгуэгъуищ (жьгъыжьгъ, дэгу, пIытIа) мы псалъэм хэтщ:
   (а) дытетIысхьащ; б) пIэтIрэжаныфэ; в) гъуэгурыкIуэ; г) лэныстальэ. 3б.

**3.** *СемышкIэ, сэхуран* къэкIыгъэцIэм синоним мы псалъэр хуохъу:
   а) зэнтхъ; б) гъасэ; в) хъурмыж; (г) дыгъэгъазэ. 3б.

**4.** *Псыкъуийм къисшурэ жэмыр псы езгъэфащ, хьэщбэкхъым къездзыхри мэкъу естащ, къакъырэр къэзгъэкъэбзащ, уэщымкIэ пхъэ скъутэри пыщIыкIым щIэсхьащ, джэдкъазыр згъэшхащ, итIани зэманыр къульшыкъум нэса къудейщ.* Мы псалъэухам къыхэтхыкIын:
   а) диалект псалъэхэр къакъырэ 3б
   б) жьы хъуа псалъэхэр хьэщбэкхъ, уэщ 3б
   в) ди бзэм къищта хамэ псалъэхэр къакъырэ, зэман, къульшыкъу, къаз 3б
   г) псалъэпкъитIу зэхэт псалъэхэр джэдкъаз, хьэщбэкхъ 3б.

**5.** Пэжу тха псалъэр къыхэхын:
   (а) бзаджэнаджэ; б) бзэджэнаджэ; в) бзаджэ-наджэ; г) бзэджэ-наджэ. 3б.

**6.** *Дэ фэ дывдоплъей.* Мыбдеж етIуанэ щхьэм и щхьэ цIэпапщIэу къыщыкIуар
   а) обстоятельственнэ падежым итщ; б) послеложнэ падежым итщ;
   в) именительнэ падежым итщ; (г) эргативнэ падежым итщ. 3б.

**7.** Мы псалъэухам уступительнэ наклоненэ зиIэ глагол къыщокIуэ:
   (а) *Мыр уэ пхуэсIуэтэжкIи, си сабий гъащIэ блэкIам уеубзэжыфынкъым;*
   б) *Си анэр гузэващ, дэжеящ, къежэхащ, хьэблэр къызэхижыхьащ;*
   в) *Станцым нэси унигъэсмэ, ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ;*
   г) *Ар сымыщIэу щытыгъатэм, кIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.* 3б.

**8.** *Нобэ махуэр псынщIэу иухащ.* Мы псалъэухам обстоятельствэу хэуващ
   а) зэман, щхьэусыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
   (б) зэман, лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречиехэр;
   в) мардэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
   г) щIыпIэ, щхьэусыгъуэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр. 3б

**9.** Мы псалъэухам и подлежащэр еигъэ цIэпапщIэу къэкIуащ:
   а) *Абыхэм я пщIантIэм зыгуэр дохьэри шындэбзиймкIэ йокIуэкI;*
   б) *Ди саугъэтыр епщIанэ классым фыфейщ, ар фэ къэвлэжьащ.*
   (в) *МазищкIэ нэмыцэхэм яIыгъа си къуажэм дыдейхэр къекIуэлIэжат.*
   г) *Хэт жьыуэ къэтэджми, абы насып егъуэт.* 3б.

**10.** *Махуищ нэхъ дэмыкIыу, шум игъуэта уIэгъэр кIыжын щIидзащ.* Мы псалъэухам и сказуемэу къэкIуар
   а) глагол сказуемэ къызэрыкIуэщ; б) цIэ-сказуемэ зэхэтщ;
   в) цIэ-сказуемэ къызэрыкIуэщ; (г) глагол сказуемэ зэхэтщ. 3б

**11.** Мы псалъэухам дополненэ зэлъэпкъэгъу къыщокIуэ:

а) Мусэрэ Муратрэ псэлъэн щIадзэ; б) Мурат зэгуэпащ, пэпщащ, и къэпталым есэбэуащ;
в) Махуэр уэмт, мамырт; г) Шыхулъагъуэм, Вагъуэбыным, Вагъуэзэшиблым сеплъу сыхэлът.

**12.** Псалъэухам фыкъеджэ, къызыхуэт хьэрфхэмрэ нагъыщэхэмрэ фтхыж.

Зэман зэманкIэрэ з...кIэлъхьэужьу блэж маш...нэхэр къегъэувыIэри арых...эу зи нэщхъыфIагъ...р нэгум имыкI Лусэ пыгуфIыкIыжу абы и пащхьэ къохутэ дэлъхум и тыгъэ лъапIэр кI...синкIэ щIэрыпсыр телъых...эщ

**13.** *«Алмэсты мажьэ»* псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ:

а) зи мурадхэр зэзыгъэхъулIэф, зыхуейр цIыхухэм къезыгъэщIэфым;
б) и мыIуэху зэрихуэу, жимыIэпхъэ жиIэу, цIыхуитI зриушту дэтым;
в) бзылъхугъэ гъэфIам, Iуэху щIэным, лэжьыгъэм зыщызыдзейм;
г) жьэ бзаджэ зиIэ, гурыуэу куэд жызыIэ, цIыхубз хъущIэрейм.

**14.** Псалъэжьыр нэвгъэсыж. *«Мывэ сыныр мэкIуэдыж, мыкIуэдыжыр ...»*

а) акъылщ; б) былымщ; в) бынщ; г) уэрэдщ.

**15.** «Къамботрэ Лацэрэ» тхыгъэм къыхэщыж Тембот, илъ ищIэжу, иукIащ

а) ЗекIуэлIокъуэ; б) Аслъэнокъуэ; в) Ашэжьокъуэ; г) Мэхъэшокъуэ.

**16.** *Хыр си шакъалъэу,*
*Къалэм хуэфащэ сиIатэм,*
*Ди ТекIуэныгъэм и усэр,*
*ДыщэпскIэ уафэм истхэнт* – мы усэр итхащ

а) КIуащ БетIал;
б) Мыкъуэжь Анатолэ;
в) КIыщокъуэ Алим;
г) Тхьэгъэзит Зубер.

**17.** КIэрашэ Т. и «Шапсыгъ пщащэ» повестым къыхощыж адыгэлI цIэрыIуэ

а) Андемыркъан; б) Хьэтх Мыхьэмэт; в) Идар Темрыкъуэ; г) Абрэдж Нухь.

**18.** Шортэн Аскэрбий и *«Мурат»* пьесэм къыхэщыж *Дек*

а) бгырыс зауэлIхэм я Iэтащхьэщ;
б) хэкупщ Бомэт и къуэщ;
в) инджылыз миссием и лIыкIуэщ;
г) Урысейм къикIыу, Кавказым къагъэкIуа революционерщ.

**19.** УсакIуэ КIуащ БетIал мыпхуэдэ поэмэ итхащ:

а) «Си хэку»; б) «Индыл»; в) «Къытехьэ бгыпэм»; г) «Нэху».

**20.** КIыщокъуэ Алим лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр къыщигъэлъэгъуащ

а) «Кхъужьей къудамэ» усэм; б) «Си дыгъэ» усэм;
в) «ЗэкъуэшитI» усэм; г) «Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ» усэм.